# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–04 जून 2025** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ में सोरहवां केन्द्रीय वित्त आयोग क सदस्यन के साथे बइठकी क अध्यक्षता कइलें। उहां के प्रदेससरकार के उपलब्धियन पर रोसनी डरलें अउर राज्य क अपेक्षा के बारे में जनकारी दिहलीं। मुख्यमंत्री खास तौर से मांगि कइलें कि उत्तर प्रदेस क हिस्सा के एकतालीस फीसदी से बढ़ा के पचास फीसदी कइ दीहल जाए।

सोरहवां केन्द्रीय वित्त आयोग क अध्यक्ष डॉक्टर अरविंद पनगढ़िया बतवलें कि उत्तर प्रदेस सरकार वित्त आयोग के सामने प्रस्तुतीकरण के दौरान निधियन के विभाजन के सम्बन्ध में खास सिफारिस कइले हवें। उत्तर प्रदेस सरकार प्रस्ताव दिहले हवे कि निधियन क ऊर्ध्वाधर हस्तांतरण में राज्यन क हिस्सेदारी के बढ़ा के पचास फीसदी कइल जाए। ई सिफारिस अउरियो राज्य क एगो आम अनुरोध के तरियन हौ, काहें से कि आयोग की ओरि से दौरा कइल गइल जियादेतर राज्य येही तरियन हिस्सेदारी के बढ़ा के पचास फीसदी कइले क सुझाव दिहले हवे।

**********

आतंकवाद के खिलाफ भारत के दृढ़ रुख क सनेसा ले के दुनिया भर के देसन में गइल सात बहुदलीय प्रतिनिधिमंडलन में से चारि गो सफल यात्रा के बाद अपने देस लवटि आइल हौ। शिवसेना सांसद श्रीमांत शिंदे के अगुआई में प्रतिनिधिमण्डल संयुक्त अरब अमीरात, लाइबेरिया, कांगो गणराज्य अउर सिएरा लियोन क दौरा के बाद आजु भिन्नहीं भारत लवटल। जनता दल यूनाइटेड क सांसद संजय झा कहलें कि सर्वदलीय प्रतिनिधिमण्डल भेजले क सनेसा ई रहल कि पूरा देस आतंकवाद के मुद्दा पर एकजुट हवें।

***ऑल पार्टी डेलिगेशन जाने से सरकार का बड़ा मेसैज सब जगह ये लोगों को ये जरूर मैं खासकर बताउंगा कि पूरा देश इस मिशन पर एक साथ है, टेरिरिज्म के खिलाफ है और सारी पार्टी के लोग एक वॉइस में बात कर रहे हैं।***

**********

ऑपरेसन सिंदूर के सफलता क उत्सव के बिच्चे देस अपने सैनिकन के वीरता के नमन कइ रहल हौ। ससस्त्र बलन के सम्मान में आकाशवाणी समाचार खास श्रृंखला प्रस्तुत कइ रहल हौ। आजु हमनी के परमवीर चक्र से सम्मानित नायक जदुनाथ सिंह के यादि कइ रहल हईं।

***1916 में उत्तर प्रदेश में जन्मे पहली बटालियन राजपूत रेजीमेंट के नायक जदुनाथ सिंह जम्मू और कश्मीर में नौशेरा के नजदीक तैनधार में चौकी कमांडर थे। 1947–48 के भारत पाक युद्ध के दौरान दिसंबर 1947 को झंगर पर कब्जे के बाद पाकिस्तानी हमलावरों ने नौसेना सेक्टर में रणनीति बढ़त हासिल की। 6 फरवरी 1948 की धुंध भरी सुबह में दुश्मन की सेना ने तैनधार पर बड़े पैमाने पर एक के बाद एक हमला करना शुरू किया। संख्या में कम होने के बावजूद नायक जदुनाथ सिंह ने दुश्मन के इस हमले का मुंहतोड़ जवाब दिया। खुद घायल होने के बावजूद उन्होंने घायल गनर से ब्रेन गन ली और दुश्मन पर हमला किया, जिससे दुश्मन का दूसरा हमला रुक गया। तीसरे हमले के अंत तक चौकी पर मौजूद 27 जवानों में से 24 जवान शहीद या घायल हो चुके थे, गंभीर रूप से घायल होने के बावजूद एक स्टैंड गन के साथ उन्होंने अकेले ही शत्रुओं का सामना किया, जिससे डर कर हमलावर भाग खड़े हुए। इस उत्कृष्ट शौर्य और सर्वोच्च बलिदान के लिए नायक जदुनाथ सिंह को मरणोपरांत परमवीर चक्र से सम्मानित किया गया। सकलेन अख्तर आकाशवाणी समाचार दिल्ली।***

**********

अजोध्या के श्रीराम मंदिर परिसर में राम दरबार आ अउरियो मंदिरन के देवी–देवता क प्राण प्रतिस्ठा बिहने होई। येह कार्यक्रम में प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथो सामिल होइहें। प्राण प्रतिस्ठा क मुख्य समारोह से पहिले धारमिक अनुस्ठान क क्रम अजुओ जारी हौ। येह बिच्चे सोसल मीडिया प्लेटफारम एक्स क सीईओ एलन मस्क क पिता एरोल मस्क अपने बेटियन अउर सहजोगियन के साथे आजु अजोध्या पहुंचि के श्रीरामलला क दरसन–पूजन कइलें। एहसे पहिले उहां के हनुमानगढ़ी में पूजा–अर्चना कइलीं।

**********

अजोध्या जिला के डोगरा रेजीमेंटल सेंटर में आजु पचवां अग्निवीर कोर्स क पासिंग आउट अउर सपथ ग्रहण परेड समारोह क आयोजन भइल। एहमें सफलतापूर्वक ट्रेनिंग पूरा कइ चुकल चारि सौ एक अग्निवीर हिस्सा लिहलें। येह मौका पर सज्जो अग्निवीर भारतीय सेना में सेवा बदे सपथ लिहलें।

**********

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी येह बरिस योग दिवस के प्रति लोगिन में उछाह देखि के खुसी जतवले हवें। सोसल मीडिया पोस्ट में श्री मोदी लोगिन से योग दिवस मनावे अउर योग के अपने जिनगी क नियमित अंग बनावे क आवाहन कइलें।

**********

मौसम विज्ञान विभाग प्रदेस के पूरबी अउर पच्छिमी इलाकन में कहीं–कहीं आजु अउर बिहने गरज–चमकि के साथे बौछार परले अउर बरखा भइले क पूर्वानुमान जतवले हवे। विभाग के मोताबिक एकरे बाद दस जून ले मौसम सुस्क रही।

**********